

Etap Esansyèl nan Planifikasyon Tranzisyon Segondè pou Elèv ki gen Gwo Bezwen Sipò

Planifikasyon Efikas pou Apre Lekòl Segondè Kòmanse ak Evalyasyon

Fè evalyasyon nan kad tranzisyon se premye etap esansyèl pou devlope yon plan tranzisyon ki fè sans epi ki pèsonalize. Evalyasyon sa yo ba nou yon apèsi sou pwèn fò, preferans, enterè, ak bezwen yon elèv, sa ki asire objektif mezirab apre lekòl segondè li yo (Measurable Postsecondary Goals, MPGs) aliye ak anbisyon li pou domèn edikasyon, anplwa, karyè, ak yon lavi otonòm apre lekòl segondè. Pou asire ekip plan edikasyon endividyèl (Individual Educational Plan, IEP) yo gen done evalyasyon nan kad tranzisyon ki nesèsè pou devlope objektif mezirab apre lekòl segondè (MPG) elèv la, epi nan lide pou idantifye sèvis tranzisyon ak pwogram etid ki pral ede elèv la reyalize MPG li yo, sonje pwèn oryantasyon sa yo nan tèt ou:

- Yo dwe kolekte done sou pwèn fò, bezwen, preferans, ak enterè elèv yo.
- Yo ta dwe kolekte done sou divès aspè elèv la, tankou konpetans akademik li, enterè ak aptitud li nan domèn karyè, konpetans detèminasyon ak defans pèsònèl, ansanm ak konpetans otonomi.
- Done evalyasyon tranzisyon yo ta dwe disponib nan plizyè sous epi yo ta dwe kontinye egziste sou yon peryòd tan; yon sèl evalyasyon nan yon sèl moman pa ase (pa egzanp, rezilta yon sèl entèvyou).
- Yo ka kolekte done evalyasyon oswa envantè atravè yon konbinezon sous fòmèl ak enfòmèl.
- Yo dwe kolekte done evalyasyon tranzisyon an apati laj 12 lane oswa klas 7yèm ane, kèlkeswa sa ki rive anvan an, pou objektif mezirab apre lekòl segondè elèv la ka an plas anvan laj 14 lane oswa nan premye jou lekòl segondè, kèlkeswa sa ki rive anvan an, epi yo dwe mete yo ajou chak ane.



Dokimantasyon Rezilta Evalyasyon Tranzisyon an

Toujou sonje pi bon pratik sa yo lè w ap dokimante done yo kolekte nan kad evalyasyon tranzisyon yo:

- Anrejistre non zouti evalyasyon an epi dekri pwosedi a.
- Mete dat evalyasyon/envantè a te fèt la.
- Rezime rezilta ak konklizyon yo.
- Dekri fòs timoun nan, preferans ak enterè li yo.
- Idantifye koneksyon ki gen ant evalyasyon yo ak edikasyon apre lekòl segondè an ansanm ak objektif karyè (edikasyon, fòmasyon, anplwa, karyè, ak lavi endepandan, si sa apwopriye).
- Referanse koneksyon sa yo nan seksyon ki apwopriye anndan IEP elèv la.
- **Sonje byen:** si yon objektif pou viv yon fason endepandan pa nesèsè, ta dwe gen ase eleman prèv pou l demontre sa a (nou ta dwe pase menm pwosedi a tou pou elèv la lè l bezwen enstriksyon sou

detèminasyon ak defans pèsònèl).

Evalyasyon Tranzisyon yo Sipòte Devlopman Objektif Mezirab Apre Lekòl Segondè

Objektif mezirab apre lekòl segondè (MPG) ki fè sans yo baze sou evalyasyon tranzisyon ki apwopriye selon laj epi ki gen rapò ak fòmasyon, edikasyon, travay, epi, si sa apwopriye, konpetans pou vi endepandan. Sèvis tranzisyon yo, tankou sèvis tranzisyon anvan anplwa (Anvan ETS) ansanm ak kou etid yo nesèsè pou ede elèv la atenn objektif sa yo (Seksyon 1003.5716 (2) (c) F.S.).

Etandone MPG yo dwe oryante sou elèv la, yo ta dwe reflekte enterè elèv la yo evalye yo ansanm ak objektif alontèm li yo dirèkteman. Sepandan, gen moman kote anbasyon karyè yon elèv genyen kapab sanble difisil pou atenn jan yo di sa a. Nan ka sa yo, ekip IEP a pa ta dwe inyore enterè elèv la genyen yo, men pito li ta dwe devlope objektif ki chita alantou ide jeneral la pandan l ap aliye sèvis ak sipò tranzisyon yo pou ede elèv la eksplòre chemen karyè ki an rapò ak enterè l yo.

Aliyen Sèvis Tranzisyon yo ak Objektif Mezirab apre Lekòl Segondè yo (MPG)

Planifikasyon tranzisyon ki efikas asire sèvis tranzisyon yo aliye dirèkteman ak MPG elèv la nan domèn edikasyon ak/oswa fòmasyon, anplwa, karyè, ak lavi endepandan. Sèvis tranzisyon yo pa sèlman yon lis verifikasyon. Yo se sipò endividyèl ak espesifik ki fèt pou ede elèv yo kite lekòl segondè epi antre nan lavi apre lekòl la ak siksè.

Kisa Sèvis Tranzisyon yo ye?

Dapre lwa IDEA (34 CFR § 300.43), sèvis tranzisyon yo se yon seri aktivite kowòdone ki konsantre sou amelyore reyisit akademik ak fonksyonèl pou sipòte tranzisyon elèv la nan edikasyon apre lekòl segondè, travay, ak lavi endepandan.

Sèvis tranzisyon yo dwe:

- Oryante sou rezilta – Kreye pou ede elèv yo akonpli MPG yo.
- Endividyalize – Baze sou bezwen inik, pwen fò ak enterè elèv la
- Kowòdone – Ki enplike lekòl la, fanmi an, ajans yo, ak asosye kominotè yo.
- Ale Pi lwen pase yon Referans – Bay sipò dirèk, ofri devlopman konpetans, ak eksperyans.

Sèvis tranzisyon yo, ki gen ladan sèvis Anvan ETS yo, ta dwe fè pati IEP elèv la epi yo ka gen ladan yo yon seri aktivite.

Aktivite sa yo gen ladan yo yon varyete domèn enstriksyon, sèvis asosye, eksperyans kominotè, devlopman anplwa ak lòt objektif pou lavi adilt apre lekòl, akizisyon konpetans lavi chak jou, ak evalyasyon pwofesyonèl ki fonksyonèl.

1. Enstriksyon

- **Enstriksyon Akademik:** Sa enplike kou ak aktivite ki prepare elèv yo pou edikasyon oswa fòmasyon apre lekòl segondè. Li ta ka gen ladan l kou akademik, fòmasyon nan teknik etid, oswa enstriksyon espesyalize ki fèt pou ede elèv la reyalize objektif li nan inivèsite oswa lekòl pwofesyonèl.



- **Enstriksyon Pwofesyonèl:** Anseye konpetans ki an rapò ak travay atravè pwogram edikasyon karyè ak teknik (career and technical education, CTE), pwogram travay ak etid, oswa fòmasyon pou travay espesifik, pou ede elèv yo jwenn konesans pratik ak konpetans pou travay alavni.
- **Enstriksyon pou Lavi Endepandan:** Konpetans tankou jesyon lajan, swen pèsònèl, fè manje, ak itilize transpò piblik ki ede yon moun viv yon lavi endepandan ak entegre l nan kominote a.
- **Enstriksyon sou Defans ak Detèminasyon Pèsònèl:** Bay elèv yo mwayen pou yo pran desizyon, fikse objektif, epi defann tèt yo nan edikasyon, travay, ak lavi pèsònèl, ansanm ak dwa ak responsablite legal ki transfere lè yo vin majè.

2. Sèvis Asosye

Sèvis asosye yo se sèvis sipò ki nesèsè pou ede elèv ki andikape yo benefisye planifikasyon k ap fèt pou tranzisyon yo a. Sa yo kapab se:

- **Terapi Langaj ak Lapawòl:** Ede elèv ki bezwen èd pou devlope konpetans kominikasyon, ki se yon pwèn enpòtan ni pou edikasyon ni pou travay.
- **Terapi Okipasyonèl (Ègoterapi):** Ede elèv yo devlope konpetans motè rafine, òganizasyon travay, ak konpetans adaptasyon ki nesèsè pou travay oswa pou viv yon lavi ki endepandan.
- **Terapi Fizik (Fizyoterapi):** Ede elèv yo amelyore mobilite, fòs, ak kowòdinasyon, sa ki patikilyèman enpòtan pou elèv ki bezwen akomodasyon fizik oswa sipò nan espas travay la.
- **Sèvis Transpò:** Ofri asistans oswa fòmasyon sou kijan pou itilize transpò piblik oswa fè aranjman pou transpò vin aksesib pou elèv ki gen bezwen nan domèn mobilite.
- **Sèvis Konsèy ak Sikoloji:** Adrese bezwen sante mantal, emosyonèl, oswa konpòtmantal ki ka gen enpak sou objektif apre lekòl segondè nan edikasyon oswa travay yo.



3. Eksperyans Kominotè

Sa yo se eksperyans tankou aktivite ak sèvis ki fèt andeyò anviwònman lekòl la epi ki ede elèv yo devlope konpetans pou viv nan lavi reyèl la:

- **Estaj, Obsèvasyon nan kad Travay, oswa Aprantisaj:** Ofri elèv yo opsyon pou yo viv eksperyans pratik ki ede yo eksplore karyè epi devlope konpetans ki an rapò ak travay.
- **Travay Benevola:** Pèmèt elèv yo vin gen plis eksperyans nan diferan anviwònman kominotè, sa ki ka devlope konpetans sosyal ak abitud travay lakay yo.
- **Pwogram Aprantisaj ki Baze sou Travay:** Enplike elèv yo nan travay a tan pasyèl oswa eksperyans



fòmasyon pwofesyonèl pou ede yo vin gen plis konpetans nan chèche anplwa.

- **Vizit nan Kanpis Inivèsite yo:** Ofri elèv yo opòtinite pou yo eksplòre opsyon edikasyon apre lekòl segondè.

4. Devlopman Anplwa ak Lòt Objektif pou Lavi antanke Adilt Apre Lekòl

- **Anvan ETS atravè Reyabilitasyon Pwofesyonèl:** Sèvis Reyabilitasyon Pwofesyonèl, antrenè pou anplwa, oswa pwogram anplwa ki benefisye sipò.
- **Konsèy pou Karyè:** Gide elèv yo nan eksplorasyon karyè, kreyasyon CV, teknik entèvyou, epi nan pwosesis rechèch travay.
- **Planifikasyon sou Edikasyon Apre Etid Segondè** Ede elèv yo aplike nan lekòl siperyè, inivèsite, lekòl pwofesyonèl, oswa pwogram fòmasyon, epitou chèche opsyon èd finansyè.
- **Anplwa ki Benefisye Sipò:** Travay ansanm avèk ajans kominotè yo oswa pwogram reyabilitasyon pwofesyonèl pou bay fòmasyon sou travay la ak sipò kontini.



5. Akizisyon Konpetans pou Lavi Chak Jou

- **Fòmasyon nan Aktivite Lavi Chak Jou:** Anseye elèv yo konpetans lavi tankou fè bidjè, fè acha nan makèt, jere tan, ak swen pèsònèl, ki yo menm enpòtan pou viv yon lavi ki endepandan.
- **Teknoloji Asistans:** Ofri zouti oswa aparèy ki ede elèv ki andikape yo fonksyone ak plis otonomi nan aktivite chak jou yo, nan edikasyon yo, oswa nan travay yo.
- **Anvan ETS atravè Reyabilitasyon Pwofesyonèl:** Enstriksyon sou Detèminasyon Pèsònèl.

6. Evalyasyon Pwofesyonèl ak Fonksyonèl

- **Evalyasyon Karyè ak Konpetans Travay yo:** Sa ede detèmine pwen fò elèv la, enterè li yo, ak domèn li bezwen pwogrè ladan yo an nan sa k gen pou wè ak preparasyon pou travay.
- **Ofri Evalyasyon Pwofesyonèl:** gide desizyon sou kalite fòmasyon, travay, oswa aranjman elèv la ta kapab bezwen.



Konekte Sèvis Tranzisyon yo ak Pwogram Etid la

Pwogram etid ki etann sou plizyè ane a ta dwe gen yon lyen dirèk ak MPG elèv la. Kou yo chwazi yo ta dwe ede nan devlope konpetans ak konesans elèv la bezwen pou edikasyon apre lekòl segondè li, travay li, karyè li, ak objektif li gen pou l viv yon lavi endepandan.

Egzanp: Yon elèv ki vle vin yon mekanisyen kapab gen yon pwogram etid ki gen ladan l:

- Kou CTE sou Teknoloji Otomobil.
- Matematik Aplike pou rezolisyon pwoblèm nan mekanik.
- Aprantisaj nan kad travay oswa estaj nan yon atelye mekanik otomobil.

Egzanp: Yon elèv ki vle viv poukont li ka gen yon pwogram etid ki gen ladan l:

- Kou sou Konpetans pou Lavi ak Konesans Finansye.
- Edikasyon Karyè/Aprantisaj nan kad travay.
- Enstriksyon Kominotè (Community-Based Instruction, CBI) pou konn kijan pou fè makèt, itilize transpò, ak pratikeswen pèsònèl.

Konekte Sèvis Tranzisyon yo ak Objektif Mezirab pou Apre Lekòl Segondè yo

Senk seksyon nou genyen ki pi ba yo, A rive nan E, pral bay egzanp sou elèv yo epi y ap diskite sou enpòtans ki genyen pou devlope MPG yo epi aliyen yo ak sèvis tranzisyon ki apwopriye yo. Anvan ou chwazi sèvis tranzisyon yo, ou ta dwe defini MPG yo byen klè epi baze w sou evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj timoun yo. Ekri MPG ki vag oswa ki difisil pou atenn kapab lakòz egzistans sèvis ki pa efikas. Lè w aliyen sèvis tranzisyon yo ak MPG yo, sa asire elèv yo ap devlope aktivman konpetans ak eksperyans yo bezwen pou yo reyisi apre lekòl segondè. Planifikasyon tranzisyon an ta dwe ale pi lwen pase referans ajans yo epi li ta dwe konsantre sou aktivite reyèl, aktivite enpòtan ki gen yon enpak dirèk sou avni elèv la.



A. Egzanp Elèv la: MPG pou yon Elèv ki gen yon Gwo Andikap Entèlektyèl ki Vle Vin yon Jwè nan Lig Nasyonal Foutbòl Ameriken an (NFL)

Pou yon elèv ki gen yon gwo andikap mantal ki pral ranvwaye gradyasyon li oswa moman pou l resevwa diplòm li pou l antre nan yon pwogram tranzisyon, difikilte ki genyen an se onore enterè elèv la pandan y ap devlope objektif fonksyonèl ak reyalis ki aliyen ak kapasite li epi ki entegre pwen fò, bezwen, preferans ak enterè ki parèt atravè evalyasyon tranzisyon ki apwopriye pou laj li. Nou ta dwe konsantre sou eksplorasyon karyè, lavi endepandan, ak devlopman konpetans nan yon domèn ki an rapò epi ki entegre lanmou li genyen pou foutbòl ameriken.

Egzanp A – Devlope MPG

Objektif Edikasyon/Fòmasyon

Sou twa (3) mwa apre li fini ak pwogram ranvwa an epi li kite sistèm eskolè jadendanfan rive 12 yèm ane a (lekòl klasik), elèv la pral patisipe nan yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl pou l ka devlope konpetans nan anplwa, lavi chak jou ak patisipasyon nan kominote a, kote li pral santre l sou opòtinite ki asosye a espò, fòm fizik, oswa operasyon nan estad. (VR oubyen APD kapab ofri kalite sipò sa a. Sa pèmèt yo rete angaje nan enterè yo pito pandan y ap mete sou pye yon pakou fòmasyon ki reyalis.)

Objektif Anplwa

Sou twa mwa apre elèv la fini ak pwogram fòmasyon kominotè a, li pral patisipe nan yon

Anviwònman espò, tankou yon estad, yon jimnazyòm, yon sant lwazi, oswa yon depatman atletik lekòl la, kote l ap gen pou l fè travay tankou enstale ekipman, apwovizyonman estann restoran yo, oswa òganize ekipman ekip la avèk sipò ki nesesè a. (VR oubyen APD kapab ofri kalite sipò sa a.)

Si elèv la aktif fizikman epi li renmen mouvman, travay la kapab gen ladan l aktivite pratik. Si non, yo ta ka konsidere wòl ki an rapò ak asisyan nan preparasyon evènman oswa travay nan yon anviwònman lavant atik espòtif.

Objektif Karyè

Nan espas de lane apre elèv la fin resevwa sipò sipèvize nan yon anviwònman ki an rapò ak espò, li ap akonpli travay li san sipèvizyon/sipò pou li kapab atenn objektif karyè li.

Objektif Vi Endepandan

Sou yon mwa apre li fini ak pwogram ranvwa a epi li fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a, elèv la pral itilize yon orè vizyèl oswa sipò yon antrenè nan kad travay pou suiv yon woutin chak jou poukont li, jere swen pèsònèl ak ijyèn debaz li, epi patisipe nan aktivite lwazi nan kominote a ki an rapò ak espò. (Yon lòt fwa ankò, sa ede yo konbine enterè yo plis renmen yo ak devlopman konpetans nan lavi reyèl pou jesyon tan, swen pèsònèl, ak patisipasyon sosyal.)



Aliyen Sèvis Tranzisyon yo ak MPG yo nan kad yon Tèm ki gen pou Wè ak Espò

Pandan y ap rekonèt pasyon elèv la genyen pou foutbòl ameriken pwofesyonèl, ekip IEP a te kapab devlope sèvis tranzisyon ki santre sou eksplorasyon karyè ak preparasyon pou travay ki gen koneksyon tou ak anviwònman espòtif. Sa ap bay elèv la konpetans l ap ka transfere ki aplikab pou yon seri travay ak rezilta pou l viv yon lavi endepandan.

Egzanp A – Aliyen Sèvis Tranzisyon Segondè yo

1. Enstriksyon, Sèvis Asosye

- Eksplorasyon Karyè nan Domèn ki Asosye ak Espò: Aktivite nan salklas ak fòmasyon pwofesyonèl ki prezante karyè tankou karyè operasyon estad, asistan sant fòm fizik (atletik), lavant atik espòtif, ak òganizasyon evènman.
- Kominikasyon nan Espas Travay ak Defans Pèsònèl: Fòmasyon pou suiv enstriksyon a plizyè etap, mande èd, epi itilize orè vizyèl pou navige nan yon espas travay.
- Alfabetizasyon Fonksyonèl ak Matematik pou Anplwa: Enstriksyon pou li orè ki senp, konprann peman salè, ak itilize lajan pou acha nan yon estasyon espòtif.
- Edikasyon Fizik ki baze sou Adaptasyon epi Lwazi: Patipasyon nan pwogram espò adaptasyon nan lide pou fè elèv la rete angaje nan aktivite atletik pandan l ap devlope konpetans sosyal ak travay ann ekip.
- Lòt Sèvis Asosye jan sa aplikab.

2. Eksperyans Kominotè

- Obsèvasyon Pwofesyonèl ak Vizit nan Estad yo: Vizit nan estad, sal jimnastik, oswa sant lwazi pou wè kijan

operasyon kliyan yo pa ka wè yo fèt epi entèraji ak anplwaye yo nan pozisyon ki asosye.

- Estaj oswa Eksperyans aprantisaj nan travay (Work-Based Learning Experiences, WBLE) Eksperyans pratik nan enstalasyon ekipman espòtif, apwovizyonman estann restorasyon oswa ede nan antretyen teren an.
- Volontarya nan Evènman Espòtif yo: Opòtinite pou ede nan lig espòtif pou jèn lokal yo, depatman atletik lekòl yo, oswa sant lwazi kominotè yo.

3. Anplwa ak Devlopman Karyè

- Sèvis pou Anplwa ki gen Sipò: Kowòdonasyon avèk VR (Reyabilitasyon Pwofesyonèl) pou plasman nan travay, kou fòmasyon pwofesyonèl, ak opòtinite travay pèsonalize nan anviwònman ki an rapò ak espò.
- Kreyasyon CV ak Aplikasyon pou Anplwa: Ede elèv la kreye yon cv byen senp ki tou gen eleman vizyèl ladan l epi pratike kijan pou l konplete yon aplikasyon pou anplwa nivo debaz nan travay ki an rapò ak espò.
- Fòmasyon sou Konpòtman ki pou Domèn Travay – Ranfòse kalite tankou ponktyalite, akonplisman tach nan travay, travay ann ekip, ak suiv oswa respekte enstriksyon sipèvizè yo bay nan anviwònman travay ki estriktire.

4. Viv Endepandan ak Konpetans pou Lavi Chak Jou

- Fòmasyon sou Vwayaj – Anseye elèv la kijan pou l itilize transpò piblik oswa aranjman transpò ki fèt pou li pou l ale travay oswa nan aktivite rekreatif.
- Ijyèn Pèsònèl ak Abiman pou Travay: Ranfòse konpetans swen pèsònèl pou abiye yon fason ki apwopriye pou ale travay, mete inifòm, epi kenbe pwòpte nan yon anviwònman travay.
- Konpetans nan Jesyon Lajan ak Bidjè – Enstriksyon sou kijan pou jere salè, fè acha nan kad evènman espòtif, ak ekonomize pou aktivite lwazi.

5. Lyen Ajans yo

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR): Rekòmandasyon pou plasman pwofesyonèl, akomodasyon nan espas travay, ak ankadreman pwofesyonèl.
- CareerSource / Pwogram Devlopman Mendèv: Konekte ak opòtinite travay nivo debaz (debitan) nan estad, jimnazyòm, ak sant lwazi.
- Sant pou Vi Endepandan (Centers for Independent Living, CILs): Sipò pou patisipasyon nan kominote a, konpetans lavi endepandan, ak fòmasyon sou transpò.



B. Egzanp Elèv la: MPG pou yon Elèv ki gen yon Gwo Andikap Entèlektyèl/Konplikasyon Medikal

MPG pou elèv ki gen gwo andikap mantal ak bezwen medikal konplèks yo ka pi gran ak pi divès, yo ka mete aksan sou viv yon vi endepandan, sou swen pèsònèl, patisipasyon nan kominote a, ak fonksyonman chak jou olye yo chita sou edikasyon tradisyonèl oswa pakou travay yo. Objektif sa yo ta dwe endividyèl epi yo ta dwe santrè sou moun nan, pou asire yo aliyen ak kapasite elèv la genyen yo, bezwen sipò li, ansanm ak kalite lavi li alontèm.

Egzanp B: Devlope MPG

Edikasyon/Fòmasyon

*Sou yon mwa apre li fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a (lekòl klasik), Elèv la pral **antrene** (fè egzèsis) lakay li, avèk sipò*

yon terape, yon responsab swen oswa yon paran, pou devlope fòs ak andirans pou pi byen ede li ak tranzisyon yo anndan lakay li. (Nou kapab entegre transfè gras a veyikil kominotè ladan l tou.)

OSWA

*Sou yon mwa apre elèv la fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a (lekòl klasik), li pral patisipe nan yon **fòmasyon** nan yon ajans sèvis pou adilt nan lide pou l aprann akèri konpetans pou l chèche ak jwenn travay nan kominote a/travay ki benefisye sipò oswa travay endepandan.*



Anplwa

*Sou sis (6) mwa apre elèv la fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a (lekòl klasik), li pral **travay** lakay li gras avèk yon entèripte aksè dirèk sou yon reglaj ki pwograme pou limen yon aparèy li chwazi nan lide pou l prepare yon repa yon responsab swen li oswa yon paran pral sèvi li.*

OSWA

Sou sis (6) mwa apre elèv la fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a (lekòl klasik), li ap benefisye sèvis devlopman pwofesyonèl atravè Reyabilitasyon Pwofesyonèl (VR) oubyen yon pwogram reyabilitasyon kominotè.

Karyè

Apre yon lane elèv la ap fè ap prepare repa, li pral prepare yon repa yon fwa pa semèn pou fanmi an epi l ap resevwa yon avantaj pwofesyonèl ki peye. (paran an ap ba li).

OSWA

Apre de (2) lane devlopman pwofesyonèl, elèv la ap patisipe nan travay endepandan oswa travay volontè gras avèk sipò teknolojik.

OSWA

Apre de lane eksperyans ak yon asistan swen pèsònèl, elèv la ap patisipe nan anbochaj yon asistan swen pèsònèl.

Viv Endepandan

*Tousuit apre elèv la fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a (lekòl klasik), li pral **viv** lakay li avèk paran li epi li pral resevwa sipò responsab swen an. Elèv la ap chwazi rad epi l ap ede responsab swen an nan abiye poukont li.*

OSWA

*Sou yon mwa apre elèv la kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a (lekòl klasik), li pral patisipe nan yon woutin chak jou avèk sipò manyèl pou l aprann konpetans li bezwen pou l **viv** nan yon anviwònman kote moun benefisye sipò.*

Aliyen Sèvis Tranzisyon yo ak MPG yo nan kad yon Tèm sou Lavi Endepandan

Sèvis tranzisyon sa yo konsantre sou kreye plis fòs, devlope konpetans fonksyonèl, patisipe nan travay ki an rapò

ak travay, epi kreye plis endepandans nan aktivite chak jou yo. Sèvis tranzisyon yo ta dwe estriktire, santre sou moun nan, epi yo ta dwe fèt pou kreye plis endepandans lakay li epi fè l patisipe plis anndan kay li ak nan kominote a.

Egzanp B – Aliyen Sèvis Tranzisyon Segondè yo

1. Enstriksyon, Sèvis Asosye

- Kowòdinasyon Terapi Fizik ak Okipasyonèl: Asire w elèv la benefisyè terapi nan lekòl la pou devlope fòs, andirans, ak teknik mouvman pou transfè asistans.
- Fòmasyon sou Egzèsis anndan Kay: Travay avèk anplwaye sèvis Fizyoterapi/Ègoterapi yo pou devlope yon plan egzèsis nan kay li ap kapab suiv apre li fin kite klinik la.
- Enstriksyon sou Teknoloji pou Ede Moun ki Gen Andikap (Assistive Technology, AT): Anseye elèv yo kijan pou yo itilize teknoloji entèripte pou jwenn aksè nan aparèy yo.
- Enstriksyon sou Detèminasyon Pèsonèl ak Kijan pou Fè Chwa: Entegre estrateji kominikasyon (pa egzanp, aparèy AAC, chwa imaj) pou li ka endike preferans woutin chak jou li yo.
- Fòmasyon sou Mobilite ak Transfè Kominotè: Travay avèk terapep epi ak responsab swen sou transfè nan veyikil ki an sekirite pou jwenn aksè nan kominote a.
- Teknik Aprantisaj Miltisansoryèl: Itilize metòd aprantisaj taktil, oditwa, ak vizyèl pou ranfòse konpetans kle yo. Pa egzanp, itilize zouti edikatif ou ka touche, sansasyon oditoryèl, ak èd vizyèl tankou orè ak foto oswa istwa sosyal pou ede nan aprantisaj la.
- Lòt Sèvis Asosye jan sa aplikab.

2. Eksperyans Kominotè

- Enstriksyon Kominotè (Community-Based Instruction, CBI) pou Acha ak Chwa Rad: Anseye elèv la kijan pou l patisipe nan chwa nouvo rad nan yon magazen oubyen anliy avèk sipò.
- Fòmasyon sou Transpò ak Aksè Piblik: Travay avèk anplwaye sipò yo pou familiarize elèv la ak opsyon transpò ki egziste pou ale nan randevou medikal oswa pou sòti l ap fè.
- Preparasyon Manje ki Estriktire nan yon Anviwònman Kominotè: Bay elèv yo opòtinite pou yo pratike preparasyon manje nan yon espas kizin ki byen estriktire epi ki aksesib, ki pa anndan kay la.
- Patisipasyon nan aktivite sosyal ak lwazi - Sipòte angajman elèv la nan espò adaptasyon, evènman kominotè, oswa gwoup sosyal pou amelyore kalite lavi li.
- Devlopman Konpetans Sosyal – Fasilite entèraksyon sosyal estriktire ak lòt kanmarad gras ak klèb, gwoup sipò, oswa evènman sosyal yo òganize tankou fèt oswa sware sinema. Sa ap ede elèv la devlope konpetans kominikasyon ak relasyon entèpèsonèl li nan yon anviwònman ki an sekirite epi ki ofri li sipò.

3. Anplwa ak Devlopman Karyè

- Fòmasyon sou Teknoloji Asistans pou Travay: Bay enstriksyon dirèk sou kijan pou itilize aksè gras ak entèripte pou aktive aparèy yo epi akonpli etap senp pou preparasyon manje.
- Fòmasyon sou Konpetans Tach nan kad Travay Fonksyonèl: Devlope yon woutin byen estriktire pou w fin prepare repa avèk sipò responsab swen timoun nan.
- Devlopman Konpetans Preparasyon pou Espas Travay: Anseye teknik òganizasyon/sekansaj tach yo, kijan pou l pran desizyon, ak kijan pou l jere tan li pou l ka prepare l pou travay li gen pou l fè

lakay li.

- Ankadremman nan Travay ak Fòmasyon Responsab Swen: Fòmasyon responsab swen yo sou kijan pou yo ede elèv la fè travay li poukont li pandan l ap itilize teknoloji asistans.
- Plis Enstriksyon sou Kijan pou Prepare ak Kuit Manje: Anseye pratik estriktire sou kijan pou prepare repa konplè avèk ekipman adapte.
- Pratik Estriktire nan Jesyon yon Pozisyon Travay ki Peye: Travay avèk fanmi an pou mete an plas yon sistèm pou elèv la ka "touche" avantaj karyè li ofri yo (pa egzanp, jere suivi peman oswa eksprime enterè pou kontinye travay nan pozisyon an).
- Konpetans Finansye ak Enstriksyon sou Jesyon Lajan: Si sa apwopriye, bay fòmasyon sou kijan pou konprann konpansasyon an, menm si li senbolik (pa egzanp, itilize yon sistèm vizyèl pou suivi epay).
- Tach nan kad Anplwa ki Modifye: Pou elèv ki pa kapab fè travay tradisyonèl akòz bezwen medikal yo, kreye travay oswa anplwa ki modifye epi ki aliyen ak kapasite yo. Pa egzanp, travay senp tankou mete etikèt sou atik, klase atik yo, oswa òganize founiti pou yon biznis lokal.



4. Viv Endepandan ak Konpetans pou Lavi Chak Jou

- Fòmasyon pou Aprann Fè Chwa ak Detèminasyon Pèsonèl: Devlope opòtinite estriktire pou elèv la chwazi rad gras avèk yon sistèm kominikasyon (AAC, imaj, envitasyon chwa vèbal).
- Fòmasyon sou Konpetans pou Lavi Chak Jou – Bay enstriksyon sou kijan pou ede moun abiye gras avèk sipò manyèl oswa gras a teknik adapte.
- Fòmasyon pou Manm Pèsonèl ak Responsab Swen: Fòmasyon manm fanmi yo ak responsab swen pèsonèl yo pou ankouraje patisipasyon aktif elèv la nan woutin swen pèsonèl yo.
- Planifikasyon Repa ak Enstriksyon sou Nitrisyon Pèsonèl: Anseye timoun nan kijan pou l chwazi repa li yo epi chwazi engredyan yo avèk asistans responsab swen an.
- Planifikasyon Sipò ak Avantaj Alontèm: Asire w sèvis Egzansyon Medicaid elèv la, sipò swen nan kay, ak lyen ajans yo an plas anvan li kite pwogram nan.
- Fòmasyon sou Sansibilizasyon anndan Kay ak Sekirite Edikasyon elèv la sou pratik sekirite debaz nan kay la, tankou rekonèt lè li bezwen èd pou l konn kijan pou li avèti responsab swen l lan.
- Jesyon Sante ak Medikal: Anseye elèv yo kijan pou yo jere pwòp bezwen medikal yo (nan limit pi wo ki posib la), tankou pran medikaman, itilize ekipman medikal, oswa kominike bezwen sante espesifik yo.
- Elèv la ta dwe pratike konpetans sa yo nan yon anviwònman ki an sekirite epi ki kontwole avèk sipò si sa nesesè.

5. Lyen Ajans yo

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR): Si sa aplikab, sipò pou rechèch travay ansanm ak sèvis pèsonealize.
- Ajans pou Moun ki gen Andikap yo (Agency for Persons with Disabilities, APD): Koneksyon ak sèvis Egzansyon Medicaid la pou sipò alontèm, pwogram lajounen yo, oswa sèvis anplwa yo.

- Sant pou Vi Endepandan (Centers for Independent Living, CILs): Sipò pou teknoloji asistans, defans, ak fòmasyon sou aksesibilite.
- Pwogram Lokal Lajounen pou Granmoun: Enskripsyon nan yon pwogram estriktire ki ofri opòtinite aktivite chak jou, angajman sosyal, ak devlopman konpetans pwofesyonèl.
- Planifikasyon pou Medicaid ak Avantaj Sekirite Sosyal: Sèvis ajans sa yo ofri sipò finansye ak sèvis sante ki esansyèl.

C. Egzanp Elèv la: Objektif Mezirab apre Lekòl Segondè pou yon Elèv ki gen yon Gwo Andikap Entèlektyèl ki Entèrese Travay nan yon Klinik Veterinè

Egzanp C – Devlope MPG

Objektif Edikasyon/Fòmasyon

*Sou twa (3) mwa apre li fini ak pwogram ranvwa an epi li kite sistèm eskolè jadendanfan rive 12 yèm ane a (lekòl klasik), elèv la pral **akonpli yon pwogram fòmasyon pwofesyonèl kominotè ki santrè sou swen pou zannimo**, tankou fòmasyon nan kad travay la nan yon klinik veterinè, tout sa ak sipò. (VR oubyen APD kapab ofri kalite sipò sa a)*

Anplwa

*Sou twa (3) mwa apre li fini ak pwogram fòmasyon kominotè a, elèv la pral travay nan **yon pozisyon nivo debitan** anndan yon klinik veterinè oswa nan yon anviwònman k ap ofri zannimo swen nan yon pozisyon travay ki benefisye sipò anndan espas travay la menm, kote l ap gen pou l ede nan fè travay tankou netwaye kaj bèt yo, estoke founiti, epi bay bèt swen debaz pandan y ap ba li sipèvizyon. (VR oswa APD ka ofri kalite sipò sa a).*

Objektif Karyè

*Sou senk lane apre elèv la fin resevwa sipò pou travay nan klinik la, li pral **akonpli tach tankou netwaye kaj bèt yo, estokaj founiti ak pran swen bèt san l pa bezwen sipèvizyon** pou li rive atenn objektif karyè li antanke asistan veterinè.*

Objektif Vi Endepandan

*Sou yon mwa apre li fini ak pwogram ranvwa a epi li fin kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a, elèv la ap itilize yon **orè vizyèl ak estrateji kominikasyon nan espas travay la** pou l kapab suiv yon woutin chak jou poukont li, kenbe ijyèn pèsònèl pou preparasyon lè l ap rantrè nan espas travay la, epi itilize transpò piblik oswa aranjman transpò pou l ale epi soti nan espas travay la.*



Sèvis Tranzisyon ki Aliyen ak MPG ki Asosye ak Swen Zannimo ak/oswa Fòmasyon

Pou ede elèv la reyalize objektif fòmasyon, travay, ak lavi endepandan ki an rapò ak swen bèt, sèvis tranzisyon yo ta dwe konsantre sou eksplorasyon karyè, preparasyon pou travay, eksperyans pratik, ak patisipasyon nan

kominote a.

Egzanp C – Aliyen Sèvis Tranzisyon Segondè yo

1. Enstriksyon, Sèvis Asosye

- Fòmasyon sou Konpetans Swen Zannimo: Enstriksyon sou swen debaz pou bèt kay, kijan pou manevre yo, ba yo manje, ak fè travay netwayaj nan yon anviwònman estriktire.
- Kominikasyon nan Espas Travay ak Defans Pèsonèl: Fòmasyon sou kijan itilize jès, aparèy AAC, oswa sipò vizyèl pou kominike avèk sipèvizè epi ak kòlèg travay yo.
- Suiv Enstriksyon a Plizyè Etap ak Sekansaj Tach: Anseye elèv la pou l suiv orè vizyèl oswa plizyè lis verifikasyon pou l fè travay ki an rapò ak travay li poukont li.
- Alfabetizasyon Fonksyonèl ak Matematik pou Anplwa: Aprann li orè ki senp, rekonèt senbòl pou swen bèt yo, epi konprann teknik debaz pou mezire manje oswa pwodui netwayaj yo.
- Lòt sèvis asosye selon jan sa aplikab.

2. Eksperyans Kominotè

- Obsèvasyon nan kad Travay nan Klinik Veterinè ak Sant Swen pou Bèt Domestik: Vizit pou obsève epi kominike avèk anplwaye nan klinik veterinè, magazen atik pou bèt domestik, oswa sant ijyèn pou bèt domestik.
- Estaj oswa Aprantisaj na kad Travay (Work-Based Learning, WBL): Opòtinite pou ede nan bay bèt yo manje, estoke founiti oswa pwovizyon, netwaye kaj yo, epi òganize espas pou pran swen bèt kay yo anba sipèvizyon.
- Travay volontè nan Abri pou Bèt oswa Sant Adopsyon Bèt Domestik: Eksperyans pratik nan ede ak pran swen bèt domestik, pwonmennen chen, oswa prepare manje ak dlo pou bèt yo.
- Patisipasyon nan Antrepriz anndan Lekòl la (si genyen ki disponib): Travay nan yon pwogram swen bèt domestik elèv yo ap dirije nan lekòl la, tankou yon sèvis pou lave chen oswa pou ijyèn bèt domestik.

3. Anplwa ak Devlopman Karyè

- Sèvis pou Anplwa ki gen Sipò: Kolaborasyon avèk Reyabilitasyon Pwofesyonèl pou plasman nan travay, fòmasyon sou travay la, ak opòtinite travay pèsonalize.
- Kreyasyon CV ak Aplikasyon pou Anplwa: Ede elèv la la kreye yon cv ki tou gen imaj li ladan l epi pratike kijan pou l konplete yon aplikasyon pou anplwa nan biznis ki an rapò ak swen bèt domestik.
- Preparasyon Espas Travay ak Fòmasyon sou Konpetans Lejè: Anseye konpòtman apwopriye ozalantou bèt yo, konpetans sèvis kliyantèl, ak travay ann ekip.

4. Viv Endepandan ak Konpetans pou Lavi Chak Jou

- Fòmasyon sou Vwayaj: Anseye elèv la kijan pou l itilize transpò piblik oswa aranjman transpò ki fèt pou li pou l ale travay.
- Jesyon Tan ak Konpetans Pwogramasyon Orè Travay: Aprann itilize alam, kwonomèt, oswa orè vizyèl pou suiv yon woutin travay.
- Ijyèn Pèsonèl ak Abiman pou vin Travay: Ranfòse konpetans pou mete rad apwopriye, lave men, epi

kenbe tout kote pwòp nan ka kote l ap travay ak bèt.

- Konpetans Jesyon Lajan ak Bidjè: Enstriksyon debaz sou kijan pou konprann konsèp salè, kreye bidjè pou depans transpò, epi jere ti tranzaksyon nan kad travay oswa nan kominote a.

5. Lyen Ajans yo

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) / Ajans pou Moun ki gen Andikap yo (Agency for Persons with Disabilities, APD): Rekòmandasyon pou konsèy nan kad travay, anplwa ki benefisye sipò, ak fòmasyon pwofesyonèl nan anviwònman swen pou bèt.
- CareerSource / Pwogram Devlopman Mendèv: Konekte elèv la ak travay ki nan nivo debitan nan domèn swen bèt domestik, abri pou bèt, oswa klinik veterinè.
- Sant pou Vi Endepandan (Centers for Independent Living, CILs): Sipò pou akomodasyon nan espas travay la, defans pèsònèl, ak konpetans pou lavi endepandan.
- Pwogram Terapetik oswa Pwogram ki benefisye Asistans Bèt: Eksplòre pwogram lwazi ki pèmèt elèv la angaje l ak bèt yo nan yon anviwònman estriktire epi ki ofri sipò.

D. Egzanp Elèv la: MPG pou yon elèv ki gen yon Diplòm Aksè epi ki enterese Vin yon Kizinye

Egzanp D – Devlope MPG

Objektif Edikasyon/Fòmasyon

*Sou twa (3) mwa apre li fini ak pwogram ranvwa an epi li kite sistèm eskolè jadendanfan rive 12 yèm ane a (lekòl klasik), elèv la pral patisipe nan yon **pwogram fòmasyon pwofesyonèl kominotè** oubyen nan yon fòmasyon sou travay nan endistri sèvis manje a, tankou yon pwogram anplwa ki benefisye sipò, yon aprantisaj, oubyen yon kou oryantasyon pou jwenn travay nan yon restoran oubyen yon kafeterya.*

Objektif Anplwa

*Sou yon mwa apre li fini ak pwogram fòmasyon an/fòmasyon nan kad travay la, elèv la pral **travay nan yon pozisyon sèvis manje ak sipò oswa nivo debaz**, tankou antanke yon kizinye preparasyon, asistan kizinye, oswa travayè nan kafeterya, pandan l ap suiv yon woutin estriktire avèk sipèvizyon selon jan sa nesesè.*

Objektif Karyè

Aprè yon lane li fè ap travay epi ap pran fòmasyon antanke kizinye/asistan kizin ki sipèvize, elèv la ap atenn objektif karyè li pou l vin yon asistan kizinye poukont li.

Objektif Vi Endepandan

*Sou yon mwa apre li fini ak pwogram ranvwa a epi li kite sistèm jadendanfan rive 12yèm ane a, elèv la ap **suiv yon woutin chak jou poukont li**, l ap itilize yon orè vizyèl pou l fè travay li yo, epi l ap pratike konpetans ijyèn ak manipilasyon alimantè nan yon kad sekirize nan yon anviwònman travay oswa lakay li. Elèv la pral itilize transpò piblik oswa akomode tou pou l deplase ale epi kite espas travay la selon jan sa nesesè.*

Aliyen Sèvis Tranzisyon ak MPG ki asosye ak Preparasyon Manje

Pou sipòte objektif elèv la nan fòmasyon, travay, ak lavi endepandan apre lekòl segondè, sèvis tranzisyon sa yo



ta ka fè pati IEP a:

Egzanp D – Aliyen Sèvis Tranzisyon Segondè yo

1. Enstriksyon, Sèvis Asosye

- Fòmasyon sou Konpetans Kilinè: Enskripsyon san kanpe nan pwogram CTE nan Gastwonomi, kote y ap konsantre sou preparasyon manje, sekirite, ak atant nan espas travay la.
- Kominikasyon nan Espas Travay ak Konpetans Sosyal: Ansèyman dirèk sou kijan pou suiv enstriksyon a plizyè etap, kijan pou kominike avèk sipèvizè ak kòlèg travay yo, epi kijan pou defann tèt ou pou reponn a bezwen ou yo.
- Sètifikasyon pou Sekirite Alimantè (si sa aplikab): Fòmasyon ak aranjman pou ede moun jwenn yon sètifika antanke Manipilatè Aliman ServSafe, nan lide pou ranfòse konesans sou sekirite alimantè yo.
- Lòt sèvis asosye jan sa aplikab.

2. Eksperyans Kominotè

- Obsèvasyon Pwofesyonèl ak Vizit nan Sit Travay: Planifye vizit nan restoran, kafeterya lekòl, ak biznis ki ofri sèvis manje yo pou obsève atant nan kad travay ki gen nan lavi reyèl la.
- Estaj oswa Aprantisaj na kad Travay (Work-Based Learning, WBL): Fòmasyon estriktire sou plas nan yon kafeterya, restoran, oswa boulanjri, ak yon konseye pou anplwa oswa yon pèsònèl sipò selon jan sa nesèsè.
- Fè volontarya nan anviwònman ki ofri sèvis manje: Opòtinite pou ede prepare manje nan kuizin kominotè, sant pou granmoun aje, oswa kafeterya lekòl pou vin gen plis eksperyans.

3. Anplwa ak Devlopman Karyè

- Sèvis pou Anplwa ki gen Sipò: Kolaborasyon ak Reyadaptasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) ak pwogram lokal pou mendèv pou rive jwenn yon travay nan endistri alimantè a gras ak sipò ki nesèsè yo.
- Aplikasyon pou Anplwa ak Pratik Entèvyou: Anseye elèv la kijan pou li aplike pou l jwenn travay, kreye yon cv ki senp (ak eleman vizyèl, si sa nesèsè), epi patisipe nan entèvyou ak akomodasyon.
- Preparasyon pou Espas Travay ak Sekansaj Tach: Fòmasyon sou itilizasyon yon lis verifikasyon vizyèl oswa yon aplikasyon pou suiv oswa kontwole tach (pa egzanp, lave asyèt, prepare manje, netwaye espas travay la).

4. Viv Endepandan ak Konpetans pou Lavi Chak Jou

- Fòmasyon sou Vwayaj: Enstriksyon sou fason pou itilize transpò piblik oswa transpò òganize (bis, sèvis transpò, oswa transpò enstitisyon travay la ofri) pou ale nan travay.
- Jesyon Tan ak Pwogramasyon Orè: Aprann kijan pou suiv yon orè travay, anrejistre lè w antre ak lè w sòti nan espas travay la, epi pran poz jan sa dwe fèt la.
- Ijyèn Pèsònèl ak Abiman pou Travay: Ranfòsman ijyèn nan espas travay la, abiman ki apwopriye, ak estanda pwòpte nan sèvis manje yo.
- Konpetans Jesyon Lajan ak Bidjè: Enstriksyon debaz sou kijan pou konprann konsèp salè, kreye bidjè



pou depans ki gen rapò ak travay, epi jere ti tranzaksyon yo si sa aplikab.

5. Lyen Ajans yo:

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR): Referans pou sèvis tranzisyon anvan anplwa, fòmasyon sipèvize pou travay, ak asistans ak sipò pou anplwa.
- CareerSource / Pwogram Devlopman Mendèv: Koneksyon ak sèvis lokal pou plasman nan travay ak pwogram aprantisaj nan kad sèvis manje.
- Sant pou Vi Endepandan (Centers for Independent Living, CILs): Sipò pou konpetans vi endepandan, preparasyon pou antre nan mache travay la, ak fòmasyon sou transpò.

E. Elèv Egzanp lan: Objektif Mezirab Aprè Lekòl Segondè pou yon Elèv ki Non Vèbal epi ki nan yon Chèz Woulant ki Bezwen yon Asistan

Pou yon etidyan ki gen gwo bezwen sipò, objektif mezirab pou aprè lekòl segondè yo ta dwe konsantre sou favorize o maksimòm endepandans li, patisipasyon ki fè sans nan kominote a, anplwa ak sipò, ak pwogram lajounen. Objektif yo ta dwe adapte selon pwèn fò ak enterè elèv la, epi selon kapasite li pou l patisipe nan aktivite fonksyonèl depi gen asistans.

Egzanp E – Devlope MPG

Objektif Edikasyon/Fòmasyon

Nan yon mwa apre li fini ak pwogram ranvwa an epi li kite sistèm eskolè jadendanfan rive 12 yèm ane a (lekòl klasik), elèv la pral patisipe nan yon pwogram kominotè lajounen, yon pwogram fòmasyon vokasyonèl, oswa sèvis anplwa ki benefisye sipò pou devlope konpetans fonksyonèl ki an rapò ak aktivite chak jou, kominikasyon, ak travay, avèk sipò ki nesèsè yo.

Objektif Anplwa

Nan twa mwa apre li fini ak pwogram fòmasyon an, elèv la pral patisipe nan aktivite ki fè sans epi ki estriktire nan yon anviwònman travay ki benefisye sipò oswa nan yon pwogram lajounen pou adilt, kote li pral akonpli tach tankou triyaj, rasanbleman materyèl, patisipe nan aktivite sansoryèl, oswa itilize teknoloji adaptasyon pou patisipe nan espas travay la, gras avèk asistans. (Si elèv la pran plezi l nan aktivite espesifik, tankou entèraj ak teksti, peze bouton, oswa reyaji fas ak mizik, objektif travay li ta ka entegre eleman sa yo nan yon anviwònman travay.)

Objektif Karyè

Sou twa mwa apre li jwenn yon anplwa estriktire, sipèvize/ki benefisye sipò, elèv la ap akonpli tout tach ki nesèsè yo gras ak teknoloji adaptasyon pou patisipe nan espas travay la san asistans.

Objektif Vi Endepandan

Sou yon mwa apre li fini ak pwogram ranvwa a epi li kite sistèm jadendanfan rive nan 12yèm ane a, elèv la pral patisipe nan aktivite lavi chak jou ki benefisye sipò, tankou woutin swen pèsònèl, angajman sosyal, ak mobilite nan kay la epi nan kominote a, gras avèk ekipman adaptasyon ak teknoloji asistans selon jan sa nesèsè. (Si elèv la kapab itilize yon aparèy AAC, ekspresyon vizyèl, oswa jès pou fè chwa, sa kapab entegre nan objektif endepandans li pou l kapab defann tèt li.)

Aliyen Sèvis Tranzisyon yo ak MPG yo

Pou yon elèv ki pa pale (ki non vèbal) epi ki gen gwo andikap fizik, sèvis tranzisyon yo ta dwe konsantre sou favorize endepandans, kominikasyon, patisipasyon anndan kominote a, ak aktivite pwofesyonèl estriktire nan yon anviwònman ki ofri sipò. Objektif la se ede elèv la angaje l nan aktivite ki fè sans epi ki ankouraje detèminasyon pèsònèl ak gran kalite lavi tout pandan n ap konsidere sipò ki nesèsè yo.

Egzanp E – Aliyen Sèvis Tranzisyon Segondè yo

1. Enstriksyon, Sèvis Asosye

- Teknoloji Asistans ak Fòmasyon AAC: Enstriksyon sou kijan pou itilize aparèy AAC yo, entèriptè yo, oswa teknoloji kontak vizyèl pou kominikasyon ak entèraksyon nan kad travay oswa nan aktivite chak jou yo.
- Alfabetizasyon ak Aritmetik Fonksyonèl: Ansèyman sou rekonesans enfòmasyon pèsònèl, siy, orè, ak konsèp nimerik ki senp pou sipòte fonksyònman chak jou.
- Preparasyon pou ak Patisipasyon nan Espas Travay: Fòmasyon sou kijan pou suiv yon woutin estriktire, itilize zouti ki adapte, epi akonpli tach ki gen plizyè etap avèk èd.
- Defans pèsònèl ak Fè Chwa: Ede elèv la kominike preferans loi, sa li renmen/sa li pa renmen, ak bezwen debaz li genyen nan kad travay la ak nan kominote a gras ak avèk AAC oswa jès.
- Lòt sèvis ki Asosye jan sa Aplikab



2. Eksperyans Kominotè

- Enstriksyon Kominotè (Community-Based Instruction, CBI) Deplasman regilye pou ale nan magazen, restoran, ak espas lwazi pou pratike pakou li nan espas piblik yo.
- Opòtinite Volontarya ki Estriktire: Patisipasyon nan aktivite volontè adapte tankou klasman materyèl, rasanbleman atik, oswa angaje nan akonplisman tach sansoryèl anndan yon òganizasyon lokal ki san pwofi.
- Obsèvasyon Pwofesyonèl ak Vizit nan Sit Travay: Pwogram vizit lajounen, sit travay ki benefisye sipò, ak espas travay ki akomode moun ki andikape.
- Patisipasyon nan Pwogram Lwazi ki baze sou Adaptasyon: Patisipe nan terapi mizik, atizana adapte, epi tou nan aktivite ki baze sou mouvman pou amelyore angajman sosyal.

3. Anplwa ak Devlopman Karyè

- Sèvis pou Anplwa ki gen Sipò: Kowòdinasyon avèk Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR) pou fòmasyon sou travay, konsèy nan kad travay, ak akomodasyon nan espas travay.
- Aprantisaj nan kad anplwa (Work-Based Learning, WBL) nan yon anviwònman ki estriktire: Opòtinite pou angaje nan tach pwofesyonèl tankou triyaj, asanblaj, oswa itilizasyon teknoloji adaptasyon pou aktivite ki an rapò ak travay.
- Patisipasyon nan yon Pwogram Jounalye Kominotè: Enskripsyon nan yon pwogram ki ofri aktivite estriktire, akizisyon konpetans, ansanm ak angajman sosyal apre gradyasyon.

4. Viv Endepandan ak Konpetans pou Lavi Chak Jou

- Swen Pèsonèl ak Fòmasyon sou Ijyèn: Asire elèv la patisipe kantite fwa sa posib nan woutin swen pèsonèl yo ak asistans.
- Fòmasyon sou Mobilite ak Transpò: Anseye yon bon fason pou itilize transpò ki ofri aksè a moun ki sou chèz woulant gras ak asistans.
- Woutin Chak Jou ak Jesyon Orè: Itilize orè vizyèl, kwonomèt, oswa yon aparèy AAC pou angaje nan aktivite estriktire.
- Angajman Sosyal ak Kreyasyon Relasyon: Opòtinite pou kominike avèk asosye, responsab swen, ak manm kominote a nan fason ki fè sans.

5. Lyen Ajans yo

- Reyabilitasyon Pwofesyonèl (Vocational Rehabilitation, VR): Si sa aplikab, sipò pou rechèch travay ansanm ak sèvis pèsonalize
- pou anplwa.
- Ajans pou Moun ki gen Andikap yo (Agency for Persons with Disabilities, APD): Koneksyon ak sèvis Egzansyon Medicaid la pou sipò alontèm, pwogram lajounen yo, oswa sèvis anplwa yo.
- Sant pou Vi Endepandan (Centers for Independent Living, CILs): Sipò pou teknoloji asistans, defans, ak fòmasyon sou aksesibilite.
- Pwogram Lokal Lajounen pou Granmoun: Enskripsyon nan yon pwogram estriktire ki ofri opòtinite aktivite chak jou, angajman sosyal, ak devlopman konpetans pwofesyonèl.

Refleksyon

Pandan egzanp elèv, MPG, ak sèvis tranzisyon yo ede ilistre kijan aliyman an fèt yon fason apwopriye nan IEP tranzisyon an, toujou sonje planifikasyon tranzisyon an santre sou yon elèv espesifik. Kidonk, MPG yo, sèvis tranzisyon yo, ak tout IEP a ta dwe montre aklè pwen fò, preferans, enterè ak bezwen inik elèv la genyen yo.

Resous

- **Fòmasyon selon Demand**
 - Pi Lwen Papye yo: Kreyasyon yon Plan Edikasyon Endividyèl nan kad Tranzisyon (TIEP) ki Louvri Pòt pou Lavni
 - Itilizasyon Evalyasyon Tranzisyon pou Ekri Objektif Mezirab Apre Lekòl Segondè
 - Itilizasyon Opsyon Ranvwa Admisyon ak Pwogram Tranzisyon Pwolonje (laj 18-22 lane) pou Soutni Preparasyon pou Etidyan Andikape yo pou Etid apre Lekòl Segondè
 - Detèminasyon ak Defans Pèsonèl
 - Kanpe Defann Mwen - Plis
- **Piblikasyon**
 - Lis Kontwòl Egzijans pou Tranzisyon yo
 - Tablo Evalyasyon nan kad Tranzisyon yo
 - Gid pou Detèminasyon ak Defans Pèsonèl
 - Pouvwa Angajman Elèv yo nan Revinyon Tranzisyon IEP pou Lekòl Segondè